ZORI_ISLAMA WWW. ZORI-ISLAMA.COM
3 август 2023 год № 15 (535)

ИСЛАМАН ЗІАЬНАРШ

ОРДЕН «ЗА ЗАСПУГИ ПЕРЕД УММОЙ» 1 СТЕПЕНИ



А.-Х. Кадыров

РЕСПУБЛИКАНСКАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА «ЗОРИ ИСЛАМА»

ВЫХОДИТ С 6-ГО НОЯБРЯ 1990 ГОДА

ПЕРВАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА В СССР

ВАЙН ЭВПАЙААШ

ШАЙХ БАЙБЕТАР-ХЬАЬЖА

Байбетар-Шайх Гуьмсан кІоштарчу Хошкалдера хилла. Воккха Іеламстаг хилла иза. Бусалба Іилма нахана хьоьхуш а хилла цо. Цуьнца Іилма Іамийначарах болу дуккха а нах вайн махкахь маслаІатхой хилла. Дуккха а йарташкахь имамаш, къеданаш а хилла.

Бусалба дин Іабдул-Къедарна а Іамийна цо. Іабдул-Къедар Нохчийн Республикин Хьалхарчу Президентан Кадыров Ахьмад-Хьаьжин кхоалгІа да хилла. Цул тІаьхьа цунна тІедиллина шен кІантана Юсуп-Хьаьжина хьехар.

Шовзткъа шарахь мутаІеламашна бусалба Іилма хьехна Іабдул-Къедара. Царна йукъахь Юсуп-Хьаьжина а хьехна цо.

Иласхан-Йуьртарчу Хьаьжица гергарло хилла Байбетар-Хьаьжин. Хьаьжас, Иласхан-Йуьрта кхайкхина, цигахь йуьртан имам латтина иза ворхІ шарахь. «Хьайца тоба дайтахьара», – бохуш, масийттазза дехар дина хилла Байбетар-Хьаьжас Кунта-Хьаьже. Вукхо жоп луш ца хилла. Эххар а цо аьлла: «Хьан тІарикъат кхузахь дац, Маккахь ду. Хьо ХьаьжцІа гІур ву. Цигахь маьждиган имам ву Жамалуллайла. Цуьнца тоба дийр ду ахь». Ша цига ваха аьтто болуш вац, аьлла Байбетара. Хьаьжас тІедиллина цунна цига вахар. Цул тІаьхьа ХьаьжцІа вахана Байбетар-Хьаьжа. Цигахь вевзина цунна Дагестанера Шайх Нур-Мохьмад Инхи. Маккарчу шайхаца Жамалуллайлица тоба дина цушимма. Бусалба динан Іилма Іамош, и волчохь шина шарахь Іийна и шиъ. Вайн махкахь тобанаш хьеха векал вина Жамалуллайлас Байбетар-Хьаьжа. Нур-Мохьмад-Хьаьжас Байбетар-Хьаьжица дина тоба. Цуьнан кІанта Юсуп-Хьаьжас Нур-Мохьмад-Хьаьжица дина тоба.

Маккара цІа воьрзуш, Байбетар-Хьаьжас дехна Жамалуллайле: «Хьайн доьзалх масех кІант Нохчийчохь Іенваха ваийтахьара», – аьлла. Иштта баьхкина вайн махка къурайшийн тайпанан нах. Цигара цІа вирзича, Байбетар-Хьаьжас Хошкалдахь хьуьжар схьайиллина.

Гергарло хада ца дина шина хьаьжас. Нур-Мохьмад-Хьаьжа сих-сиха вогІуш хилла Хошкалда шен доттагІ волчу. Амма Байбетар-Хьаьжа кІезиг воьдуш хилла Нур-Мохьмад-Хьаьжа волчу. Макка, шайн устазе Жамалуллайле, кехат йаздина Нур-Мохьмад-Хьаьжас, Байбетар-Хьаьжа ша волчу наггахь бен ца вогІу, ша дукха воьду цига, цуьнга алахьара сих-сиха вола аьлла. Маккарчу шайхас жоп дайитина хилла цуьнга: «Хьо лаьмнашкахь, лакхенехь Іаш ву. Иза волчу вогІуш, охьаван атта хир ду хьуна. Ткъа йухавоьдуш, хьайн доьзална тІеваха а атта хир ду хьуна», – аьлла.

1894-чу шарахь дІакхелхина шайх Байбетар-Хьаьжа.

Байбетар-Хьаьжа а, Нур-Мохьмад-Хьаьжа а, Юсуп-Хьаьжа а чохь дІавоьллина зерат ду Гуьмсан кІоштарчу Хошкалдахь.

Бусалба динан дезачу деношкахь бусалба нах хуьлу цигахь, устазаш дагалоцуш, диканиг доьхуш, вуочу хІуманах лардар доьхуш, Деле доІанаш деш.

Дала оцу шайхийн лерамбар лойла вайна массарна а!

М.Заурбеков

ПОЛЕЗНОЕ

СМИРЕНИЕ СЕРДЦА И СМИРЕНИЕ ТЕЛА

«Воистину, намаз является тяжким бременем для всех, кроме смиренных»

Всевышний Аллах в Коране говорит: «И стойте перед Аллахом смиренно» (сура «аль Бакара» («Корова»), аят 238). Состояние смирения перед Всевышним называется «хушуъ». В другом аяте оно названо в числе качеств преуспевших верующих: «Воистину, преуспели верующие, которые смиренны во время своих намазов» (сура «аль Муъминун» («Верующие»), аяты 1-2).

Место смирения – в сердце, и его влияние отражается на всех органах тела. Если сердце испорчено или подвержено наущениям шайтана, если оно угнетено мирскими желаниями, то и поклонение будет небрежным. А если оно смиренно перед Всевышним, часто обращается к Нему, то и поклонение будет искренним. Сердце некоторыми учеными уподоблено королю, а органы тела – слугам. Если свергается король, гибнут органы, а свержение сердца происходит тогда, когда оно отказывается от повиновения Всевышнему…

Но смирение, которое проявляется в органах, но которого нет в сердце, порицаемо. Так, один из сподвижников Посланника Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) по имени Хузайфа говорил: «Бойтесь смирения лицемеров». Его спросили: «А что такое смирение лицемеров?». «Это смирение, которое показывает человек в теле, но которого нет в его сердце». Фудайль ибн Аяд также говорил: «Нежелательно демонстрировать больше смирения в теле, чем его на самом деле есть в сердце». И если кто-либо специально опускал плечи или голову, желая показаться богобоязненным, его одергивали замечанием: «О такой-то и такой-то, смирение не в плечах, а в сердце!».

Отмечая разницу между смирением тела и смирением сердца, ученые говорили: «Смирение истинной веры появляется тогда, когда человек испытывает трепет и страх перед величием и могуществом Аллаха так, что сердце его наполняется стыдливостью, любовью и застенчивостью, признавая милость Творца и несправедливость собственной души (свои грехи). Поэтому нет сомнений, что смирение сердца сопровождается смирением в теле. Что же касается лицемерного смирения, то это то, что предназначено для



чужих глаз, но не для Всевышнего. И сподвижники просили защиты у Аллаха от такого проявления «богобоязненности». Истинное же подчинение Всевышнему тушит пламя физических желаний, очищает сердца, наполняя его светом осознания величия Творца. Его желания умирают под действием страха и трепета, он начинает ощущать безопасность в поминании Аллаха. А тот, кто скромен, тот спокоен. Пространство смирения подобно равнинной земле, ровной, на которой удерживаются вода/блага Аллаха. Из уважения к Творцу она как будто никогда не поднимается, не проявляет высокомерия. Невежественное сердце напротив подобно скале, возвышающейся и выступающей и несклоняющейся перед величием Творца. Таким сердцам недоступно истинное смирение».

Время, в которое необходимо проявлять больше смирения, - это время, проводимое в молитве. Только тогда, когда отстранившись от мирского, забыв о проблемах и переживаниях, верующий сосредотачивается на разговоре со Всевышним, он может находить и радость, и успокоение в молитве. Подобно тому, как находил утешение в молитве Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует). В Коране Всевышний назвал это качество, как одно из качеств избранных: «Воистину, для мусульман и мусульманок, верующих мужчин и верующих женщин, покорных мужчин и покорных женщин, правдивых мужчин и правдивых женщин, терпеливых мужчин и терпеливых женщин, смиренных мужчин и смиренных женщин, подающих милостыню мужчин и подающих милостыню женщин, постящихся мужчин и постящихся женщин, хранящих целомудрие мужчин и хранящих целомудрие женщин и часто поминающих Аллаха мужчин и женщин, Аллах уготовил прощение и великую награду» (сура «аль Ахзаб» («Союзники»), аят 35).

Смирение сердца облегчает молитву. А для тех, кто проявляет смирение только телом, молитва становится бременем. Как сказано в Коране: «Воистину, намаз является тяжким бременем для всех, кроме смиренных» (сура «аль Бакара» («Корова»), аят 45).

Смирение – это то, что тяжело приобретается и легко теряется. И в то же время это показатель состояния сердца. Когда оно на истинном пути, оно «зажигается» смирением, когда же сердце отклоняется, то смирение теряется вместе со следованием верному пути.

Ася Гагиева

ПОЛЕЗНОЕ

ВЕРУЮЩИЕ, ЛЕЧИТЕСЬ ВОДОЙ ЗАМ-ЗАМ

Усама бин Шурайк (да будет доволен им Аллах) рассказывал: «Однажды я был у Пророка (да благословит его Аллах и приветствует), к нему пришли бедуины и сказали: «О посланник Аллаха, лечиться ли нам? На что он им ответил: «Да, о рабы Аллаха, лечитесь, ведь Всевышний не создавал болезни, не создав для них лекарства, кроме одной болезни. Они сказали: « И что это за болезнь?». Он сказал: «Старость»».

Мусульмане, давайте следить за своим здоровьем: очищать организм по мере необходимости (есть замечательный хадис о пользе слабительного - сенны), правильно питаться и пить сырую чистую воду. Все перечисленное является залогом физического и психического здоровья человека по одной простой причине, что многие болезни связаны с нарушением питания, недостатком воды и отравлением организма паразитами, вирусами, бактериями. Вода - одно из чудесных творений Аллаха, которое является не только единственным наиболее важным питательным веществом, которое потребляет организм, но и его очистителем, как изнутри, так и снаружи.

Когда кровоток не осиливает своевременное выведение в кишечник всего мусора, который он должен транспортировать, то нужно поискать причину такого сбоя в работе органов и систем организма. Похоже, токсины не успевают смываться той самой водой, которой не хватает в кишечнике. Отчего её там не густо? А в силу того, что человек мало пьёт воды!

Каждая клетка организма, ткань и орган нуждаются в воде для нормальной жизнедеятельности. Она - колыбель жизни, ведь все мы на 70% состоим из воды. Организм младенца на 90% состоит из воды, старика - лишь на 50%. Мы усыхаем...

Дело в том, что если человек не пьет ежедневно чистую воду, то рискует превратить свой организм в застойное болото и тем самым закислить его. А закисленный организм не способен бороться против многих серьезных заболеваний. Например, на фоне обезвоживания организма (и как следствие, сгущения крови) протекает сахарный диабет, ишемическая болезнь сердца, атеросклероз, все виды повышения гемоглобина (эритромия), катаракта, возрастная дальнозоркость, ишемический инсульт, спазмы сосудов, а также все виды аллергии , нарушение микроциркуляции на всех уровнях (дело в том, что густая кровь в капилляры не попадает, поэтому все нарушения, связанные с микроциркуляцией, например, отслойка сетчатки, связаны с обезвоживанием), образуются соли, песок в почках, бронхиальная астма. Сгущение желчи, песок, камни все это - от дефицита воды в организме (желчь должна быть слабо концентрирована, а когда жидкости мало, она становится сильно концентрированной, и все выпадает в осадок). Закисление и обезвоживание зачастую являются причиной депрессии. Люди, страдающие от дневной усталости, должны пить больше воды. Недостаток воды в организме приводит к нарушению работы нервной системы у пожилых людей, например, старческое слабоумие – это отравление и высыхание мозга.

Самой лучшей водой на Земле по праву считается Зам-Зам. Верующие наслышаны о многих удивительных примерах, когда эта благословенная вода чудесным образом излечивала даже безнадежных больных.

Один из докторов в области медицины советует следящий способ излечения многих заболеваний, в том числе и онкологических: полное голодание на фоне потребления воды Зам-Зам (пить сколько хочется).

Гульназ Мияссарова

ЭВПАЙАИЙН ДИЙЦАРШ

ИЛАСХАН-ЙУЬРТАРЧУ КИШИН КУНТА-ХЬАЬЖИН ЖАЙНА

Дала шен къинхетамах генадаьккхинчу шайтІанах Делаца ларло со. Делан цІарца доладо ас, дуьненахь бусалбанех а, керстанех а къинхетам беш волчу, эхартахь къаьсттина бусабанех къинхетам беш волчу. Хастам Далла бу, шен хьукманчохь тоьлаш волчу, бусалба нахана гечдеш волчу.

И Дела ву иза, Шен лайшна йуккъехь дІакхалхабарца а, юха къематдийнахь гІовттабарца а Ша нийсо йина хилла волу; Ша вайна вовзийтина волу. Шех дукхахболчу нехан бІаьргаш бІаьрзе хилла долу (И Дела хиларан билгалонаш ца гуш); Ша деза хиллачу вахьунца (Къуръанца) чІагІвина волу Шен Элча бакъварна тІе вай нисдина волу Дела ву иза.

Делера къинхетам, Цуьнгара маршо Цо нийсачу динца ваийтина хилла волчу цуьнан Элчанна, сийдолчу Маккара хилла волчу Мухьаммадна а хуьлда, ийманан охІланна декъалхиларан некъаш атта дина хиллачу цуьнан охІланна а хуьлда, динехь болчу нахана Іазапах хьалхабовларан кеманаш доьгІна хилла болчу Цуьнан асхьабашна а хуьлда.

Дела реза хуьлда хІора церан некъана чувоьллачунна, тІарикъатан марзонаш гучуйахарехь Іибадатийн охІланна. Дала йал совйоккхийла церан кеманна тІехиъначун, Делан омрашна тІаьхьавазарехь, цуьнан нахІийунаш (цамагийна хІуманаш) дитарехь.

Цул тІаьхьа: хІокху питанан а, бохаман а заманахь, хІокху заманан бераш хьагІ-гамо лелочу нехан гІоьнчий хиларна, бакъонан дайшна а, сийлаллин охІланна а некъ ца хилира тІарикъатан некъех а, Іибадатийн бошмех а долу шайна гергахь дерг гучудаккха.

Амма, бакъду, шайн заманан нехан мекарлонах кхерарна, оцу сийлаллин охІланан ницкъ ца кхечира Іибадат дарца шайн догІмаш щайна луучу кепара дІасахьовзо, шаьш бакъонца баьхкина хиларна.

Нагахь санна, церан Іамалийн бахьанаш гучудаха а, белхийн баххаш билгалдан а таро хиллехьара (ницкъ кхаьчнехьара), царна а, царна инкарло йеш болчу нахана а йуккъе цІена хилла болу бужур бара, тІаккха царна дуьхьала бевллачу нахе билггал долу реза хилар (эвлайаашна реза хилар) кхочур дара.

ХІетте а, хьал муха ду аьлча, заманахь бохамаш хиларна, баккъал а вайн вежарша цаьрца хьагІ лацар ду (церан шайн болх гучубаккха йиш йоцуш, лакхахь ма-аллара.) Баккъал а, вай Делан ду, оцу Деле доьрзур долуш а ду.

Шайх хилла волчу Хьаьжас аьл ла (Дала къайле тойойла цуьнан):

«Баккъал а, цхьа а хьакъ вац, ша нах нисбарехь Делан вели ву бохуш, дов дан, нагахь санна иза деа а мазхІаба чохь долчу хІуманна жоп дала ницкъ кхочуш вацахь», - бохуш долу Іеламнехан дош, Дала къинхетам бойла царех, бакъ ду».

Цунна, вайна гергахь, шина некъах жоп ду. Цаьршиннах цхьаъ: цуьнгара лохур дац оцу балхахь дешар хаар а, йозанан хатІ хаар а, оцу Іеламнахана ма-моттара, цу тІехь делил вайн Пайхамар хилар ду (Делера къинхетам а, Цуьнгара маршо а хуьлда цунна).

Ша шариІат а, тІарикъат а гучудаьккхина хилла волу Пайхамар ву иза, дерриге а мазхІабаш шегара схьадевлла а волуш. Иза ца хилла доьшуш а, йаздеш а, амма бакъду, иза хилла нене виллина (нанас маварра, хІумма а Іамоза).

И лакхахь аьлларг кхачаме ду, дешар а, йаздар а бехкам бина ца хиларехь, пайха-мараллехь а, элчаналлехь а совдаьккхина вели хиларна а, шайх хиларна а. Иштта болх хилча, вели хьашт вац дешаре а, йаздаре а.

И вели ву иза, ша Пайхамарна (Делера къинхетам а, Цуьнгара маршо а хуьлда цунна) дуьхьал кхеташ волу, и Пайхамар йукъахІоттаварца шен Элана (АллахІана) тІекхочуш волу. Цунна довза хьашт дац йозанан хотІан сурт а, йозанан могІарш а, шена экха дуьхьал кхеттачул тІаьхьа, гинчул тІаьхьа оцу экханан ларашна тІаьхьавазаре хьашт воцу таллархо санна.

Гучахь долу Іилма (жайнашкара Іилма) - иза Делан Элчанан лар йу (Делера къинхетам а, Цуьнгара маршо а хуьлда цунна). И Іилма доьшуш берш таллархой бу, оцу лоран дена тІе кхачархьама оцу ларашна тІахьабозуш болу; шен бІаьргашца гуш верг хьашт вац шен кІажашна тІехь йухаверза, оцу некъаца лоьхуш дерг кхочушхилла дела. Кхин некъ боьхна бу (оьшуш бац).

Оцу шиннах шолгІа некъ: фикъхІан Іилманашкахь шаьш буьзна болчу шариІатан Іеламнахах дукхахболчеран ницкъ кхочу деа мазхІабах жоп дала. Цуьнца цхьаьна, тІарикъатан охІланна устазаш хила хьакъ бац уьш. Церан ницкъ кхочур бац халбатан хьелех а, кхечу хьелех а долчу хеттаршна жоьпаш дала. Цхьа гІо эшначу заманчохь гІо дан ницкъ ца кхочу церан.

02 →

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

ЭВПАЙАИЙН ДИЙЦАРШ

ИЛАСХАН-ЙУЬРТАРЧУ КИШИН КУНТА-ХЬАЬЖИН ЖАЙНА



←01

Амма, бакъду, доккха хили церан шегахь ницкъ кхочуш долу хIума, и хIума тIех ца долу диканца омра дарна а, вонах нахIйу дарна а. Гучахь долчу хIуманан хьесап дарна тIехь, царна шайн догIмийн Iамалш стенга йоьлху ца хуу дела: къобал йина, стигала хьалайовлу, йа хIаваэхь йуьсу, йа лаьтта охьайужу.

Баккъал а Пайхамарна хьалха а (Делера къинхетам а, Цуьнгара маршо а хуьлда цунна), Делан лайшна хьалха а устазан цIарца дIахIоттар атта болх бац. Иза боккха болх бу! Иза Iилманаш дукха дешарца хуьлуш бац, мазхIабаш довзарца хуьлуш бац, царах кхетарехь иза мел лакхаволуш велахь а. Далла гергахь а, Цуьнан Элчанна гергахь а (Делера къинхетам а, Цуьнгара маршо а хуьлда цунна) бакъ ког нагахь санна цуьнан бацахь, кхетаман а, деган а бIаьргаца цунна И Шиъ гуш вацахь. Иштта ца хилча, цо гIо муха дийр ду шена тIаьхьа возучунна хIора кхерамна гергахь, саэцарна гергахь, коша чохь барт хаттарна гергахь, мийзанан терза дIахIотторна гергахь, сурт-тIайл дехьаваларна гергахь? Камил волчу устазана тIехь ду шен мурид ларвар, ша цунна йалсаманен чохь йолу цуьнан меттиг гайтталц.

«Цхьа а дов дан хьакъ вац, хи тIехула лелар аьлла, йа хIаваэхь тIомаваьлла лелар аьлла, ша нах нисбеш волу Делан вели ву баха»,- бохуш долу Iеламнехан дош бакъ ду, шен сецна бух болуш.

И бух- чIара хилар ду, ша хи тIехула лелаш, оцу хи чохь даима бехаш. ХIетте а иза бац сийлаллин а, шафаIатан а охIла. Иштта йу чуьрк а: хIаваэхь тIома а йолу иза, цхьа а карамат дац цунна.

ХIара хIуманаш а, кхарех тера хIуманаш а эвлайаийн кераматех дац. Деккъа хIара куьцаш ду аьл ла, цхьаьннан а цIе йоккхур йац, Делан вели ву аьлла, Далла тIе иза кхочуш вацахь, Делан Элчанна тIе иза кхочуш вацахь (Делера къинхетам а, Цуьнгара маршо а хуьлда цунна), Цуьнан Iамал Цаьршиннан терзанна там беш йацахь. ТIома ваьлла лелар а, хи тIехула лелар а Камил охIланна тамашийна хIума дац, Караматан охIлангара иза схьадаьллехь а. Оцу тIехь бух хиларехь хьуна кхачаме ду хьуна РабиIатул Iадвиййат бохучу зудчо (Дела реза хуьлда цунна, Дала цуьнан беркатех рицкъ лойла вайна) Хьасанул-Басрига аьлларг (Дала къайле тайойла цуьнан). И дийцар гIарадаьлла ду. Ахь хIара ларде, нисваларехь сов вер ву хьо, Далла лаахь.

Тавфикъ далар Делехь ду. **«Кошфалла (къайле хаар)- иза шина декъехь ду: бакъдерг а, харц дерг а»,-** бохуш долу Iеламнехан дош бакъ ду. Цуьнан ду билгалдар, шеца тем хилла совцуш Дела вевзинчу эвлайаийн дегнаш.

Ша дов деш верг, шегахь кошфалла ду бохуш: а) иза хир ву хьуна ша дов деш, шена гуо бохуш, коьртан бIаьргаца Лавхьур-Махьфуз а, беллачийн синош а, йалсаманен а, жоьжахатен а, кхидолу царех тера хIумнаш а семачу хьолехь.

Шеко йац и хиларехь жинашца тайна, йа шайтIано тилийна, и шена наьIалт аьлларг (шайтIа) вас йоккха йолуш ду, хIилла чIогIа долуш ду, цунна тарло (цуьнан ницкъ кхочу) ша стагана бIарлагIа хIоттийна вас йарца, моттийтархьама, и бIарлагIа карамат йу; ша цунна шен бозбуанчаллашца йалсаманен а, жоьжагIатен а йу моттийтарх терра, цигахь йан а йоцуш.

ХIара дерриге а хир ду муридана, иза валале хьалха ворхI экъана (даржана) дехьа (макъамана), и оцу ворххIе а макъамана дехьа ваьллачул тIаьхьа цунна герга шайтIа догIур дац, оцу шайтIанна цунна тIе дан цул тIаьхьа некъ боцу дела;

б) йа ша дов деш верг, шена гуо бохуш Лавхьул-Махьфуз а, цунах тера хIуманаш а, йа гIенан кхоьлах, йа кхетаман бIаьргаца (деган бIаьргаца), семачу хьолехь коьртан бIаьргаца а доцуш. ХIара шен къамелехь бакъ велахь, цуьнан кошфалла бакъ ду.

Набаран хьал долу дела, дог дендинчул тIаьхьа Дела цхьаъваран нуьрца а, зикарна тIехь сацарца а, сема долуш санна. Бакъду, дегIо наб йича, дагна а, синна а паргIато хуьлу, тIаккха иза хьожу шена луъу чуьнга, и лела а лела дерриге а хIуманаш долчухула.

Оцу мел долчу делилаца кошфалла бакъ хиларна тIехь оцу кошфаллин ден Iамалш хилар ду, шаьш там беш Элча шеца веанчунна (Делера къинхетам а, Цуьнгара маршо а хуьлда цунна). Иштта дацахь, цуьнан кошфалла лорур дац цхьана а хIуманна, велларг денварх хоттаделла иза делахь а, лаьттах деши далийтарх иза хоттаделла делахь а. Дала бакъонна тIе нисдар а, нийсонна тIе нисдар а рицкъанна лойла вайна. Воьрзу меттиг Делехь йу.

«Устаз лаца мегар дац, шена иза Камил болчу эвлаяэх вуйла хаьалц» –, бохуш долу Iеламнехан дош (Дала къинхетам бойла царах) бакъ ду.

И терза ду иза, Лекха-Сийлахь волчу Дала Шен лайшна куц хIоттийна долу, Ша цаьрга олучу хенахь: «ХIай Сан лайш, Ас шуна йуккъехь эвлайааш кхоьллина, Ас уьш лийрина Суо вовзийтарца, Ас уьш къастийна Суо гайтарца, шу царна тIаьхьадаза, нислур ду шу».

Оцу халкъо элира: «ХIай тхан Дела, тхуна уьш муха бевзар бу, тхуна муха хуур ду уьш Хьан эвлайаэх буй?». ТIаккха Дала элира: «Шуна уьш бевзар бу царна тIаьхьабозучаьрца».

Цуьнан маьIна: цхьамма ша вели ву аьлла дов а дина, цунна тIаьхьа халкъ дазахь, шу цаьрга хьовса. Шуна уьш гахь Делах кхерарехь а, Дела дагахь латторехь а совбуьйлуш, эвлайаийн беркатах нийсонна тIе дIахIитта важаб деш долу хIума шаьш схьа а оьцуш.

Шуна хоуьйла иза Далла гергарчу дозанашка кхаьчначу эвлайаэх хилар а, халкъ нисдаран дарже иза кхаьчна хилар а, Делан къинхетаман хIорда чуьра, Делан Элчанан беркатех (Делера къинхетам а, Цуьнгара маршо а хуьлда цунна) схьа а оьцуш (диканаш), ша схьаэцнарг дотта а дуттуш, шена тIаьхьабозучарна а, шен муридашна а тIе. Лайшна тIехь ду шаьш цунна тIаьхьабазар, къайлах а, гучахь а цунах дIа ца хадар цкъа а.

Царна и эвлайааш бу бохурш гахь, оцу вай дийцинчунна дуьхьала, тIаккха шуна хоуьйла уьш Деле кхаьчна цахилар, шу царна гена а довлалаш, шу церан питанах а ларлолаш. ХIара терза ду, шеца бакъ волу вели харц волчух къастош.

ТIаьхьа бозурш нисбелла хиларо кхачам бийр бу делил хиларехь устаз Камил хиларна, и зама йелахь зуламийн, бохамийн зама; нагахь и зама йелахь нийсонан а, вовшийн безаран а зама, тIаккха велина мегар ду шен цхьайолу кераматаш халкъана гучуйаха, дегнашна тем бархьама, царна и вовза а вовза, уьш цунна тIаьхьа а база; иштта болх хилча, царна Дела карор ву шайн тоба къобалйеш а, шайх къинхетам беш а. Уьш кхочур бу йалсаманин ниIматашка.

«Вели шена гергахь деши а, лаьттан гIорза а цхьатерра хетарг ву»,- бохуш долу Iеламнехан дош (Дала къинхетам бойла царех) бакъ ду. Оцу дешан хаза маьIна билгалдар ду. Вайх цхьаболчеран бIаьргаш цунна бIаьрзе хили.

«Цхьатерра хилларг ву» бохучу церан дашехь лууш дерг, рицкъа даккха а, лаха а мегар дац боху маьIна дац цуьнан, иштта царна (Iеламнахана) моттарх терра.

Цунах лууш дерг воккхавер сов ца далар ду, деши карадеъча, йа и дайча белхам ца бар а ду. И карадар а, карара далар а цхьатерра хилар ду. Даьхни гулдар шина тайпана ду: хьалхарниг- иза гулдар ду, тIаьхьалонна дIадуьллуш къеллех кхийрина, я дуьненахь возалла лехарна, нахана йуккъехь сийлалла йезарна, даьхни дукха хиларца.

ХIара дакъа дац кхоччуш ийман долчу бусалба стеган белхех, Далла герга винчу велина муххале а.

ШолгIаниг –иза гулдар ду, шарIо магийначу некъаца, цуьнга хьашто йолчунна гIо дан а, мискачу нахана дао а, цунах сагIийна дала а, Делан дуьхьа Далла герга вечу хIуманехь, йа шен дегI кхиорехь, оцу дегIана болх баран хало тIейилларца, и дегI шовкъе хилархьама Iибадат дан, ша сийсаздинчул тIаьхьа хала белхаш байтар бахьана долуш, иза тешарца цхьана Дала шена чIагIо йинчух рицкъа даларна.

ХIара некъ Далла гергахь къобалбеш бу, И реза веш бу. Бакъду, лайн болх цIенна Делан дуьхьа долу Iибадат хуьлу, хIокху нийатца хилахь.

«Вели доIица шена луург деш ву, зулам а, зен а йухатохарх, йа пайда а, диканиг а тIеозорах дуьненахь», - бохуш долу Iеламнехан дош (Дала къинхетам бойла царах) бакъ ду. Цхьабакъду, цуьнан билгалдаре диллина кхин жоп ду.

Иза доIа дийриг тергалварца ду. И доIа шина тайпана ду: къьасттина болчу, Делан гергарчу нехан доIа а ду, кхиболчу бусалба нехан доIа а ду. И шолгIа доIа жоп даларан куьцехь кхаа декъе декъалуш ду.

Хьалхара дакъа: Дала цунна жоп луш ду сихха, Шен комаьршаллица а, сийлаллица а.

ШолгIа дакъа: жоьпана хан тухуш ду, эхартахь далархьама. Дела цуьнга олуш ву: «ХIай миска стаг, ахь соьга жоп далар доьху хьайна дуьненахь, хIаллакъхин долчу, хьо цакхеташ хиларна. Ас хьуна жоп лур ду эхартахь, тIаьхьадуьсун долчу, цунах хьуна пайда хир болу дела».

КхоалгIа дакъа: Дала цунна жоп лур дац сихха а, йа тIахьа а, цхьана бахьанина, и Ша воцчунна хууш доцчу, и Делан болх беза хили. ХIара кхо хьал нехан доIехь ду, хьуна ма-хаьара.

Делан охIланах къаьсттина болчу нехан доIа - и охIла бу уьш, Даллий, шайн дегнашний йуккъехь пардо доцуш, церан доIа йухатухур дац цкъа а, и доIа делахь а, стигал, кийсигаш йай, охьайожайе, аьлла дина, йа цул доккха а. Цхьабакъду, уьш Деле ца кхойкху, Дала шайна доIа дагатасарций бен.

Царах цхьамма Деле дехахь, шен дегIан лаамца, Дала цуьнга олу: **«Хьан доIа, хIай Сан лай, йухатухуш дац, Сан кхиэл йохор йолуш йац, дуьхь-дуьхьал ши болх гулбалар бевзаш бац (тарлуш бац). Ахь муьлхарниг хоржу? Хьайна доIа йухадерзадар, йа Сан кхиэл хийцар?»** Оцу хенахь цунна Делах эхь хетта, шегара даьллачунна дохковолу иза, Далла суждане воьду иза,шен доIина гечдар доьху цо, шен дегI йухадерзадо цо, цул тIаьхьа Деле ца доьху цо, Цуьнан омранца бен, ша вехь а, ирх оллахь а, йа меже йаккхахь а. Далла лаар хоттаделча зен дIадаккхарх, и дикане кхачарх, Дала цуьнан дагчу тосу доIа дар, хьаставалар, тIаккха цо доIа до. Цуьнан доIина жоп ло сихха, хIара билггал бакъдерг ду Дала уьш а, вай а дерриге а декъалдойла.

Iеламнехан дош (Дала къинхетам бойла царах): **«Мегар дац хийра божарий зударшца цхьаьна зикар дечу хенахь гулбалар»**,- бохуш долу, иза бакъ ду, цхьана некъехь. Цуьнан кхин некъ а бу, ша иза магош.

Иза - зударий а, божарий а хилча тIарикъатан охIланах, церан устаз велахь Камил, царна мегар ду гулбалар, шайна луъучу кепара.

Нагахь санна церан устаз Камил вацахь, царна мегар дац гулбалар , уьш тIарикъатан охIланах белахь а, царна йуккъехь дацахь а шахIватах (дегIан безамах) дIаэр. ХIунда аьлча, зуда тохайелча шовкъаца, цхьа хIума гучудаьлча цуьнан месех, йа цуьнан дегIах, маликийн орца дIадоду зикаран чIагарх, цунна гуо бо шайтIанийн эскарша, цара тIаккха дIалоцу оцу нехан садеIар (Iаьнарш), ша Дела хьахаварца арадолуш долу церан кийрара, тIаккха и зикар Деле хьала ца долу.

Шайн устаз Камил волчун болх иштта бац, цуьнан ницкъ кхочу ша царах кхиа, шайтIанийн эскарш кхиале, царна зен дийр дац шайтIанийн мекарлоно, шайтIанаша царна гуо бийр бац. ХIара бакъдерг ду. ХIора хабаран шен соцу меттиг йу, тIаьхьа хуур ду шуна.

«Мегар дац зикар дан, цIенна хьуруфаш а, хьаракаташ а дахарца бен, саца везаш йолу меттиг а, ца соцуш тIехволу меттиг а тергалйарца бен», - бохуш долу Iеламнехан (Дала къинхетам бойла царах), цуьнан жоп хIара ду (тавпикъ далар Делехь ду, иза Шена тIе болх биллинчунна кхачам беш ву).

Дала цхьана а къонахчунна ши дог ца диллина кийрахь. Зикаро шен дог машгIул динарг (дIалаьцнарг), шовкъо и дог Деле озийнарг, иза шена бехказло йелла ву хьуруфаш а, хьаракаташ а цIенна цааларх; шина хIуманна ойлайар цхьана дагчу ца тарло, хьуна ма –хаьара. Дела хьехош волчо мохь тоьхча, эшарех тIех ирчаниг гучу йоккхуш, шен дог Деле товжорца, цуьнан йиш, цхьаболчарна гергахь ирча йолу, Далла гергахь хаза а, хастаме а йу.

Шен маттаца Дела хьехош верг, ша ойла а йеш, дешан эхараш а (тIаьхьенаш), аввалаш а (хьалхенаш) ларйеш, Iемилийн иIраб кхочуш а деш, цуьнан куц дац наз манчийн куц санна бен.

Пайда бац мотт цIанбарехь, дегнаш цIан ца далар мел ду. ХIара жоп ду кхачам беш, хьекъал долуш а, кхетам болуш а волчунна.

ЖехIил верг, наб кхетта верг шен набарха сама ца волу, цунна хьалха, даржа а дина, Ловхьул-Махьфуз диллахь а.

«Велларг букъ кошан аьрро агIор болчу пенах дIахоьттина дIаволла мегар дац»,-бохуш долу Iеламнехан дош (Дала къинхетам бойла царах), цуьнан сецна бух бац. Иза схьаэцна ду бухан да къошкара, Iеламнехан цхьадолчу дешнашна тIера.

Сецна дерг Элчано хаьржинарг ду шен дегIана: иза дIавоьллина оцу хьахийначу куьцехь (аьрру пена тIе букъ товжийна). Баккъал а, вайн заманан охIлано Iадат лаьцначунна тIехь дIаволлар и ца мегаш дац, цхьабакъду,хаза а, хастаме а, тоьлуш а дерг велларг дIаволлар ду адамийн а, жинийн а Эла дIа ма-воллара. ХIара бакъдерг ду, бакъдолчул тIаьхьа тилар бен дац.

Iеламнаха инкарло яр (Дала къинхетам бойла царех) чIогIа дечу зикарна а, и зикар дечу охIланна а шен некъашна тIехь ду, шаьш къайлах хилла долу инкарло йеш болчарна, вай уьш билгадийр ду царна, и некъаш ма дуьсийла аьлла къайленан тептаршна чохь, Оцу нахах зикарна инкарло йеш верг кхоъ ву: царех шиъ бакъонна тIехь ву, кхоалгIаниг тиларна тIехь ву.

Оцу шиннах цхьаъ- шен деган куьзга къагийнарг, чIагIдинарг ву Дела цхаъ варца, къайлах дечу зикарна тIехь сацарца шен даг тIе доьссина Делера нур, ша Деле а кхаьчнарг Накъашбандин тIарикъатца, Дала шен къайлах долу беркат а, ниIмат а луш, Цо цуьнга омра ца дина дин чIогIачу эшарца гучудаккха а, халкъ нисдан а, матто чIогIа Дела хьехаварца.

ХIокхо къайлах Дела хьехаво, цунна чIогIа Дела хьехош волчун йиш виран эшарал ирча хета. ТIаккха цо инкарло йо чIогIа зикар дечунна, цо тарво Дела Ша воцург шен дегIе, цуьнан дегIан ницкъ ца кхочу йиш айба, Делах эхь хетарна. Цунна къайлах ду чIогIа Дела хьехочун хьал. ХIокхо инкарло йар тIех бакъдолчу некъашна тIехь ду Цунна къа хир дац и инкарло йарна.

ШолгIаниг-ша Деле кхаьчнарг ву Къадарин тIарикъатца йа чIогIачу тIарикъатех кхечуьнца. Иза беркате а, ниIмате а кхаьчна оцу тIарикъатехь, цуьнга омра а дина дин гучудаккхарца, чIогIачу эшарца, Делан лайш (халкъ) нисбарца, маттаца дечу зикарца. ХIокхо гучохь чIогIа Дела хьхаво, цо мохь а туху самукъадаларехь, лайшка цунах пайда эцийтархьама. Цо къайлах Дела хьехочунна инкарло йо. Цо олу: «Цуьнан даг тIе боьссина хиллехьара Дела вов заран чам, цуьнан марзо, и меттахвоккхур вара шовкъаш йаро, цо мохь тухур бара, йа велалур вара иза, самукъадаларехь».

Цо иштта олу, иза Деле кхачарна малхбален а, малхбузен а йукъаметтиган барамехь генаваьлл моьттуш, и чIогIа Дела хьехориг волу дела, ша тIе ца кхуьуш, Дала шен комаьршонах вукхунна деллачунна, хIара иштта шена бехказло йелла волу, ша инкарло ярехь, иза нийсачу новкъахь ву.

И ший а бакъонна тIехь ву, нийсонна тIехь ву. ХIара болх къайлах бац цунна, ша тIекхиъна волу цаьршиннан тIарикъат схьадолучу меттигна, ша гина волчунна цаьршиннан инкарло йолало меттиг. КхоалгIаниг-иза ву шен дог ца къагийнарг зикарца, ша Деле ца кхаьчнарг Накъшбандин а, Къадарин а, йа кхечу тIарикъатца, ша ца кхаьчна бакъонан дарже, цуьнца цхьаьна цо инкарло йо чIогIа а, къайлах а зикар дечу охIланна. Делаца ларло вай цунах, хIара тилла стаг ву, нах тилош ву,бакъонах дакъа дац цуьнан, нийсонах дIаэр дац цуьнан.

Баккъал а йиш айбар зикарца, и зикар дар чIогIачу эшарца, и дац шуна гуччохь долчу хIуманашкахь шен Iилма кIезиг дерг шена тIехь соцуш болчу балхах. Бакъду, и болх бу шена тIекхуьуш, Дала шен ниIматах къайлах болу белхаш хаар шена делларг, Дала иза азаллехь лерина хиларе терра. Дала иза виллинчу хенахь, шаьш (хастош) билгалбичарах шен дашца: **«Шен бу лаьттан букъ тIехь невцарий, Шех эхь хеташ, Со воцчунна уьш бовза а ца бевза»**. Уьш шен эвла йааш бу, шаьш ойбуш шайн эшарш, ша хьехорца. Дала уьш бахийна Ша везаран маларца, Ша цаьрга омра динчул тIаьхьа, «чIогIачу эшарца дин гучудаккхар», аьлла, лайш дине кхайкхарца маттаца. Къа дац Делан возаллин кад меллала вехначунна, эшарийн йиш тIе ца оьцуш волчунна. Ийманан охIланаш цунна тIебоьрзу, тиларан охIланаш цунах уьду, шайтIа дадарх терра, Къадарин тIарикъатан охIлано Деле кхачарехь сихо йо, дегнаш лалорца. Дала цуьнан маьIнах аларе терра: «Стигланаш а, латтанаш а Сан цIерех цхьана цIарца севцца ду. Ас дуьненчуьра сайн лайшна йоссийна 99 цIе Сайн Элчанан маттехула, цаьрца цхьаьна церан дегнаш кIад ца ло, тем хилла сов ца а ца совцу. Ас царна йуккъехь цхьа лайш кхоьллина, шайн эшарша бухдохуш ийманах дакъаделла дегнаш, уьш Камил болу эвлайааш бу». Дала церан беркатах рицкъа лойла вайна, царна инкарло йарх лар а дойла вай.

Цул тIаьхьа хьуна хоийла, Делан салам шайна хиларш, пайхамарш, уьш Деле кхечи, шаьш дог вуон хилла охьа а ца эгаш, церан ницкъ кхочу Делан возалла шайна тIехь дIайахьа (Делан возалла къегина хили), Муса воцчунна. Цо мохь хьаькхира шен Делах воккхавевина, куьйгаш туьйхира цо, Делан возалла лийрина, дог вуон хилла охьавуьйжира иза, Далла гергахь латта шен ницкъ цахиларна. ХIара чIогIа зикар дечу нехан хьал ду, Дала шайна еллачу комаьршонах баккхийбеш, мохь тухуш, шаьш вуон хуьлий охьаэгаш, шайн ницкъ цахиларна Делан возалла дIайахьа. ХIара билггал бакъдерг ду. Царна тIаьхьа хуур ду, бекхаман дийнахь, динах кхаьрдина, и сийсаздинчеран хьал хIун ду, оцу динан охIланаш билггала тиларе бехкинчеран хьал хIун ду а, нийса а, бакъдерг а дIакхоьссинчеран хьал хIун ду а. Хьукма Делехь ду, Иза хьесап чехка долуш ву.

ХIара жайна йаздина волчу Iабдуссалама боху: «Сан шайхо (Хьаьжас) суна дийцинарг (ХIара жайна), нохчийн маттахь, Iаламаш кхобучу Делан велис, Сибрехахь, тхо чудоьхкинчу меттехь, ас иза гочдина, говзачу Iаьрбийн матте даьккхира, и жайна хоьттуш волчунна кхоччуш жоп а, муридашна кхоччуш билгало а хилийтархьама, динан охIланах болчу мискачу наха цунах пайдаэцаре дог а дохуш. **«Хоьттуш болчеран жоп, муридан билгало»**, аьлла, цIе тилли ас хIокху жайнина. Суна ца оьшу хIара йаздарна суо хеставар а, наха лерам бар а. Бакъду, суна лиъна зикарийн а, доIанийн а байракх айбар. Суо гIорасиз хиларна мукIарло деш, Хьаьжас сайга аьл ларг (хIокху жайни тIехь дерг) кхоччуш билгалдарх, **«кхачаме хили кхетам берг, говзаниг, куьйгаца йа бIаьргаца ишар йарна»** аьллачунна тIаьхьа а вовзуш, суо бехказа волуш ца сацарна хьаьркаш дахкаран бакъонаш тIехь. Бакъду, сан хьекъал а, кхетам а кIезиг хиллачу, I 9 шарал сан хан тIех ца йаьллачу хенахь, суна тар ца делира (сан ницкъ ца кхечира) хьуна гуш долчул говзаллехь сов вала. Сайн ницкъ кхаьчнехьара, со охьа а ца хууш, цунна тIаьхьа дIагIур вара, ас дог доху сайн жайни чу хьаьжначуьнгара къобалйар сайн бехказло, сан жайна кIезиг хиларехь, со воьжна дела керста нехан кара, йийсар вина а, сийсазвина а волуш, со лаьллина вигна шахьаршна генарчу шахьарерчу набахти чу, буржалш а тоьхна.

Ас дийцича сайн динан вежаршка дерриге а тхайга кхаьчнарг а, тхаьш лайнарг а, оха Iаьвшинарг а чIогIачу Iазапах, церан дегнаш лелхар ма дара, уьш кхетамах бевлла охьаэгар ма бара, церан шина бесне тIехула бIаьрхиш хьоьдур ма дара. Цундела ас кехат дIатуху (агIо дIатосу), доккханиг хьахорах (и ца хьахош). Ас кеззиг хIума хьахадо кхетам лоьхуш волчунна (ас олу): «Дела вовзаран малх схьакхеттачу хенахь, ДегIастанан стигланан агIонашкахь цуьнан нур даьржинчу хенахь бусалба шахьарийн йерриге а агIонашкахь, оцу ДегIастана зийарате бахккалц Маккара а, Шемара а бусалба нах, Делан охIлано и вовзаран маларш а молуш, цу маларех бехна болуш уьш лелаш мунафикъ охIлане кхочур дац и маларш, уьш хьере хилла буьсур бу. Оцу хьолана гергахь шайтIанийн говра береш хьийзар бу мунафикъ нахана тIе, бохамийн (зуламийн) нах керста нахах дIауьйр бу, церан барт хир бу шаьш тарбала хIара айат шайн хьокъехь доьссинчу нахах: **«Царна (керста нахана) лаьа Делан нур (Къуръан) дIадайа».** Баккъал, царна тардели, оцу Делан нуьрана тIаьхьабозучеран тобанаш къастор, оцу муридийн барт бохор. Цара цхьаберш байъи, цхьаберш ирхъоьхки, цхьаберш махках бехи, цхьаберш хIорда буха бахийти; цара божарийн маьждигаш а, зударийн Iибадат до меттигаш а хьовзийра мискачу нехан хьайбанашна (божалшка), сонтачу нехан бераш ловзучу меттигашна (клубашка). Цара тидам ца бира Делан дешан хьукманна шаьш чудоьлхуш хиларна.

«Мила ву те тIех зулам динарг Делан маьждигаш йухатоьхначарал а, оцу чохь Делан цIе йаккхарх, ша лелаш волчул а, уьш дохорехь? (Цхьа а вац цул тIех зулам динарг). Бусалба нахана а, зударшна а питана дина нах, цул тIаьхьа шаьш тоба ца деш, жоьжахатин Iазапах вагош волу Iазап хир ду царна». Цхьабакъду, Далла хастам бу, хIара доза тIех ца долу Делан дегIе диллинчу барамал (Дала тоьхначу барамал), Цо ларбина ницкъ бели, Ша царна чIагIо йаре терра: «Далла а ца лаьа шен нур (Къуръан) кхочушдар бен, керста нахана мел ца дезахь а». Цул тIаьхьа, тхаьш хиллачу меттехь (лаьцна дигначул тIаьхьа) керста нехан буйнахь мархнаш даьстира оха, цул тIаьхьа доьккхуш кхебира оха, Дала аьлла дела: «Шух цомгаш а, новкъахь воьдуш а хиллачо (мархийн баттахь) кхечу деношкахь кхобур ду и марханаш». Ламазаш шайн хеннахь дан хала хиларна, оха гулдора, дацдора уьш, Дала аьл ла дела: «Керстано шайна питана дарна кхерахь, шуна къа дац ламаз дацдарехь». Оха тема дора хи ца хилча а, хи лело хала хилча а, Дала аьлла дела: «Шайна хи ца карадахь, тема де аш цIенчу лаьттаца». Тхо йухатоьхча ламазна меттахахьерах, ницкъ кхочучу барамехь ламаз дора оха, Дала аьлла дела: «Дала дегIана тIе ца диллина цуьнан ницкъ кхоччург бен». Шу кхерахь (мостагIчух кхерахь, севцца ламаз дан), гIаш доьлхуш, йа тIехиъна доьлхуш диэ».

Къилба муьлхачу агIор ду ца хууш тхо хьере хиллачу хенахь, новкъахь дукха дIасахьийзарна, тхайн ойла тевжачу агIор хIуьттура тхо, Дала аьлла хиларна: «Аш шайн йаххьаш муьлххачу а агIор йерзайарх, цигахь Дела реза вола агIо йу». Тхо дIа ца тилира оцу Далла хастам барх, тхайна иймани-ислам даларца дика дина волчу. Йалсмани чохь Дала тхуна чIагIо йина, Дала кечдинчунна гергахь тхайгара баланаш кIезиг хеташ, хастам бора оха.

Дала аларца: «Маккара Мединате кхелхина бахана нах а, шайн хIусамашкара арабаьхнарш а, Сан новкъахь шайна цатам бинарш а(Шен новкъахь), шаьш байинарш а, церан къинош дIадахаза Iийр вац Ша, (уьш бахийтаза Iийр вац Ша шайна бухахула татолаш лелачу йалсаманеш чу». Вай оцу Дала чIагIо йинчарна йуккъехь хиларехь шеко йац. Воьрзу меттиг Деле йу.

Нохчийн маттера Iарбойн матте даккхар хилла Сибрехахь, I28I шарахь, дIаяздар I288 шарахь, гочдинчун куьйгехула, Раьсул-Iайн бохучу йуьртахь.

ТIаьхьа догIуш ду устазан жоьпаш.

Асхабов Iабдул-Хьамидан Мохьммад

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

«ДАЙМОХК» ГАЗЕТАН ИСТОРИ

ШАМСУДИНОВ БУВАЙСАР

«Даймохк» газетан коьрта редактор ву Шамсудинов Бувайсар – йаздархо, поэт, журналист, публицист, йукъараллин деятель, республикехь хилла ца Іаш, амма цуьнан дозанел арахьа а дика вевзаш а, сий-ларам болуш а волу стаг. Оцу дарже кхачале дикка халонаш лан а, дукха хьолахь шера боцу некъ бан а дезна цуьнан. Бувайсара ша цхьа бен боцу нийса харжам бира дІадаханчу бІешеран дезткъе итталгІачу шерашкахь рес публикехь хиллачу кегаречу хьелашкахь, гира нохчийн халкъан мостагІашца хиллачу тІемийн баланаш, дохораш, халонаш. Цунна ма-дарра девзина дахар, ІаІийна доккха зеделларг, хьа кхолладеллачу муьлххачу а хьолехь нийса харжам бан, дика а, вуон а нийса къасто.

Б. Шамсудинов вина 1972-чу шеран асаран беттан 6-чу дийнахь Шелахь. 1989-чу шарахь циггахь чекхйаьккхина йуккъера школа. Дика дешна, 1994-чу шарахь цунна делира Нохчийн пачхьалкхан университетан филологин факультет чекхйаккхаран хьокъехь диплом.

Университетехь доьшуш волуш Бувайсара боккха тидам тІебахийтарца Іамийра нохчийн мотт, литературa. Иза кест-кеста цхьаьнакхетара нохчийн йаздархошца а, поэташца а, ненан меттан говзанчашца а, цаьрца гергарло а леладора. Цундела ларамаза дацара университетехь 2-чу курсехь доьшуш а волуш, Бувайсар нохчийн маттахь арадолуш долчу «Даймохк» газете балха вахар. Йуьхьанца редакцехь цо корреторан болх бира. Шена дезаделла гІуллакх кІорггера девзаш, журналистан корматалла кхачам боллуш, йуьззина карйерзорна корректоран болх кхиаран дика тІегІа ду. Амма оцу даржехь болх беш дукха ца Іийра Бувайсар. Балхахь цуьнан кхиар а, корматаллин таронаш а хьесапе а эцна, иза йуьхьанца корреспондент, ткъа дукха хан йалале отделан заведующи хІоттийра. Кхузахь Бувайсара гайтира муьлххачу а темина – хуьлда иза публицистикин статья, очерк, репортаж – йаздан а, ша кечдеш долчун кхачам боллуш талам бан а ша говза а, хьуьнаре а хилар. Дуккха а шерашкахь редакцехь болх бина, доккха зеделларг долчу тоьллачу журналистийн могІаршка хІоьттира Бувайсар дукха хан йалале.

Цул тІаьхьа бечу белхашкахь сихха кхуьуш дІавахара иза. 1992-чу шарахь рес публикин литературин исбаьхьаллин «Васт» газетан коьртачу редакторан заместитель, ткъа дукха хан йалале оццу газетан куьйгалхо хІоттаво. 1998-чу шарахь Бувайсар «Грозненский рабочий» издательстон генеральни директоран даржехь чІагІвира, ткъа цул тІаьхьа цхьа шо даьлча республикин Полиграфин, книгаш йохкаран урхаллин хьаькам хІоттийра.

Амма XX-гІа бІешо чекх долуш республикехь болийначу тІамо йохийра Нохчийчуьра гІаланаш а, йарташ а, ткъа цаьрца цхьаьна Бувайсар коьртехь хилла берриге а бахам а. Цо доладеш хилларчу урхаллин гІишлошна тІе бомбанаш а, ракеташ а йетта йолайаллалц уьш лайийра цо. Амма тІамах уьш кІелхьарайаха ницкъ ца кхечира цуьнан. Иза чІогІа дог Іийжаш, хала лайра Бувайсара.

ТІенислуш дерг дерриге а дагош, отуш, хІаллакдеш хилла тІом Соьлжа-ГІалара араболлушехь, республикин Администрацин Куьйгалхочун Кадыров Ахьмад-Хьажин тІедилларца зорба а, телевидении а меттахІотто уггаре а хьалха арабевллачийн йукъахь вара Б. Шамсудинов. ТІом дІаберзаза болуш, цунах бевдда, Россин регионашка дІасабахана нах цІаберзаза бара. И бахьана долуш чІогІа кІезиг бара газет, журнал даран гІуллакх девзаш болу, иза дан бахьаш болу белхахой. Уьш вериге а масех стаг бен вацара. Уггаре а хьалха балха арабевллачарах бара: Шамсудинов Бувайсар, Аболханов Хьаьким, Цуруев Шерип, Газиева Аза, Дадаев Сайд-Хасан, Алиев Іальви, Сулумова Дети, Магомаев Леча, Кузаев Махьмуд, цхьамогІа кхиберш а. Буьззина бохийнера полиграфин бух. Газет, журнал Теркайистехь а, луларчу республикийн издательствошкахь а зорбатухуш дара. Иза хала хилла а ца Іаш, кхераме а дара. Некъашкахь эскарийн посташкаххула чекхдовлуш а, газеташ, журналаш дІасахьош а йаккхий новкъарлонаш хуьлура. Амма оцу йерриге а халонех сийлаллица чекхвелира Бувайсар.

ТІаьхьуо «Даймохк» газетан коьрта редактор хІоттийра Бувайсар. Газеташ, журналаш, уьш вовшахтохаран, арадовларан болх дІанисбелла баьлча, 2003-чу шарахь «Даймохк» газетан коьртачу редакторан дарж шен лаамца охьадиллира Бувайсара, шен кхин а бан безаш дуккха а белхаш хиларна, «Даймохкера» дІа ца волуш, газетан редакторан хьалхара заместитель вуьсуш хилар тІе а лоцуш. Амма цул тІаьхьа 2012-чу шарахь, дикка хан йаьлча шегахь уггаре а халачу хенахь хиллачу газетан коьртачу редакторан дарже йухавера иза. Бувайсарна дика йевза белхан коллектив. Цунна хьаьра мила стенна хьуьнаре ву. Иза тидаме а эцна, уггаре а хьалха отделашкахь хийцамаш бира. ХІора белхахочунна паргІато йелира шайна йезаш а, дика йевзаш а йолу тема харжа. Дукха хан йалале хааьала йолайелира оцу белхан тІехь. Газетан агІонаш тІехь алссам гайта доладелира Нохчийчоьнан экономика, культура, дешар, медицина, кхидолу дакъош кхиорехь республикин куьйгалло деш долу гІуллакхаш, руспубликин йукъараллин- политикин а, социальни-экономикин а хьал. Газетан хІора номерехь зорбатуху бусалба динан сийлаллех а, дозаллех а лаьц на материалаш. Йазйо кегийрхой ииманехь, гІиллакхоьздангаллехь кхетош-кхиорах лаьцна статьяш. Боккха тидам тІебохуьйту нохчийн къоман гІиллакхаш а, синмехаллаш а Іалашйарна а, кхиорна а. Хаалуш ду зорбатухучу материалийн чуламах а, газет кечдар а тодалар.

Газетан агІонаш тІехь йу къайуьйлу керл-керла рубрикаш а, темаш а. Газетдешархошца йолу зІенаш чІагІйаран Іалашонца хаддаза дІахьо цаьрца цхьаьнакхетарш. Цигахь бахархоша дуьйцу шайна стенах лаьцна деша лаьа газетехь, йуьйцу шайна мехала хеташ йолу темаш, шайн дагарехь новкъарло йеш долчу кхачамбацарех лаьцна. Газето шен ницкъ кхочучу кепара кхочуш до церан дехарш. Газетдешархошца вовшахтохараллин болх дІабахьаран мехала кеп йу кест-кеста вовшахтухуш йолу газетан йармаркаш. Цигахь редакцин белхахой цхьаьнакхета газетдешархошца, царна дуьйцу редакцин тІейогІучу ханна йолчу белхан планех лаьцна, ладугІучу церан лаамашка. Цигахь гулбеллачеран таро йу тІаьхьарчу муьрехь арадевллачу газеташка бІаьргтоха а, шайна оьшу материал тІехь йолу газет деха а. Ткъа журналисташа боккхачу лаамца кхочушдо церан дехарш.

Б. Шамсудиновн балхахь уггаре а мехала кхиам лара мегар ду цо редакцехь вов шах тоьхна газетан музей. Хаза кечйина йу цуьнан чоьнаш. Редакцин сени чохь, гуччу меттехь дІатоьхна ду Нохчийн Республикин хьалхарчу Президентан, Россин Турпалхочун Кадыров Ахьмад-Хьажин, Нохчийчоьнан Мехк-Ден, Россин Турпалхочун Кадыров Рамзанан даккхий суьрташ, бусалба динах, нохчийн халкъах, республикех, ненан матах, литературех, зорбанах, вайн гІиллакхех, ламастех, иштта дІа кхечунах а лаьцна цара аьлла хьекъале, башха дешнаш тІейаздина экъанаш. Кхузахь иштта йеша таро йу Нохч-ГІалгІайн АССР меттахІотторан хьокъехь долчу СССР-н Лакхарчу Советан Президиуман Указийн а, Нохчийн меттан дийнан хьокъехь долчу Нохчийчоьнан Мехк-Ден Р. Кадыровн Указан а, пачхьалкхан мехалчу дуккха а кхечу документийн а копеш. Музейхь ду шира газеташ а, журналисташа хьалха шайца болх бина шира гІирсаш а, республикин журналистикин ветеранийн суьрташ а, газет дилличахьана цигахь болх бинчеран цІерш а. Шаьш къаьстина дІатоьхна хьалха хиллачу редакторийн суьрташ а, царах лаьцна боцца хаамаш а. Кхуза баьхкинчу республикин куьйгалхоша а, могІарерчу хьовсархоша а билгалдоккху музейхь чулацаме материалаш гулийна а, хаза кечйина а хилар.

Ала деза музейн экспонаташа редакцин чоьнаш хазачу куьце йалийна а, изданин сийларам лакхабаьккхина а хилар. Цуьнца цхьаьна ца аьлча нийса хир дац хІинцалц оцу кепара музей республикерчу цхьана а редакцехь хилла цахилар. Иза цІенна Б. Шамсудиновс вовшахтохарца дина гІуллакх ду.

Лаккхарчу корматаллин журналист, публицист, рес публикехь дика вевзаш волу кхоллараллин коллективан куьйгалхо хиларал сов, Нохчийчоьхь Бувайсар дика вевзаш ву похІме йаздархо, поэт санна. Цуьнан литературин кхоллараллe болу некъ дІаболабелира иза школехь доьшуш волчу хенахь. Цуьнан хьалхара стихотворенеш зорбатоьхна, араевлла Шелан кІоштан а, республикин а газеташкахь а, «Орга» журналехь а. Амма дахаро, XIX-гІа бІешо чекхдолуш Нохчийчохь хиллачу тІамех хиллачу балнаша шайн лар йитира цуьнан кхоллараллехь. Цо шен кхетамехь, дагахь шен кепара мах хадош, тІейийцира уьш. Бувайсаран тІаьхьарчу хенан говзарш меттигерчу зорбанехь арайевлла ца Іаш, йешархошна йовзийтира Мос кварчу «Российски колокол» журнало а, Дона-тІерачу-Ростоверчу исбІаьхьаллин-литературин журналаша а, иштта Махачкалахь а, лулар-чу кхечу республикашкахь а. Бувайсаран кхолларалллин уггаре а боккха кхиам бу 2006-чу шарахь арайаьлла йолу цуьнан «Сан метта йерзалахь цІа!» цІе йолу книга. Цу тІехь зорбатоьхначу стихотворенеша гойту Бувайсар дахар, шена гуонах долу хьал, адамаш дика девзаш а, кор-маталлин доккха зеделларг ІаІийна а волу, кхиъна ваьлла поэт хилар.

Республикин «Даймохк» газетан коьрта редактор хиларца цхьаьна Нохчийн Рес публикин Йаздархойн Союзан правленин председателан хьалхара заместитель а волуш, Бувайсара вовшахтохараллин боккха болх баьхьира йаздархошна йукъахь. Жигара дакъалоцура республикин йукъараллин дахарехь. Нохчийн Республикин Йукъараллин палатин декъашхо ву иза. Алссам адамаш гулделла, дІахьош долу дуккха а цхьанакхетарш Бувайсара вовшахтоьхна а, цо жигара дакъалоцуш а хуьлуш ду.

Шамсудинов Бувайсар оьзда а, гІиллакхехь а стаг ву, аьлча а, халкъалахь олуш махиллара, вуьззина нохчийн къонах ву. Цкъа а хезар дац иза аз айдина вистхуьлуш. Массаьрца а кІеда-мерза, ша везийта хууш ву. Цундела иза болх беш волчу коллективашкахь хилла ца Іаш, амма республикехь а лоруш а, сий деш а ву.

Ала деза цунах терра оьзда хІусамнана а хилар. Хаза доьзал бу Бувайсаран а, Седин а. Воккхах волу волу кІант Хьамзат Нохчийн пачхьал кхан университетан журналистикин отделени чекх а йаьккхина, Нохчийчоьнан къоман политикин, арахьарчу зІенийн, зорбанан, хаамийн министерствехь болх беш ву. Иштта доьзалехь кхуьуш ду кхин а цхьа йоІ а, ши кІант а.

Республикин куьйгаллина ца гуш ца бисина Бувайсаран хьанал къинхьегам. Дуккха а шерашкахь дика болх барна а, республикин йукъараллин дахарехь жигара дакъалацарна а цунна Кадыровн орден а, «Республикин дуьхьа хьуьнарш гайтарна» мидал а йелла, «Нохчийн Республикин хьакъволу журналист» аьлла сийлахь цІе а тиллина, Нохчийн Республикин Мехк-Ден а, Парламентан а Сийлаллин грамоташ а, кхидолу совгІаташ а дина.

Шен кхоллараллин похІмица, вовшахтохараллин корматаллица Шамсудинов Бувайсара йоккха хазна йукъайиллина республикин журналистика, литературa кхиорна.

Магомаев Салавди

ТУРПАПХОЙ

ЧАЛАЕВ ТАХИР
(1979 – 2008)

Чалаев Тахир родился 11 сентября 1979 года в селе Стерч-Керч Ножай-Юртовского района.

С 1986 по 1997 годы учился в средней школе. В 2004 году окончил Гудермесское педагогическое училище. 21 июля 2004 года устроился в правоохранительные органы. Был милиционером роты ППСМ №2 при МВД Чеченской Республики. С января 2005 года он – милиционер-боец огневого взвода батальона ППСМ ОВД Ножай-Юртовского района. В ноябре 2006 года был назначен участковым уполномоченным милиции территориального пункта милиции села Байтарки ОВД по Ножай-Юртовскому району.

В период службы за высокий профессионализм, инициативу и настойчивость в решении служебно-боевых задач, а также за образцовое исполнение служебных обязанностей Тахир Алиевич Чалаев неоднократно награждался различными ведомственными наградами и знаками отличия.

За мужество и отвагу, проявленные в борьбе с преступностью, а также за смелые и решительные действия, совершенные при исполнении служебного долга в условиях, сопряжённых с риском для жизни, Указом Президента РФ Тахир награждён орденом Мужества (посмертно).

По поручению Главы ЧР, Героя России Рамзана Ахматовича Кадырова мечеть, школа и одна из улиц в родовом селе Чалаева Тахира названы его именем.

Указом Главы ЧР мать Тахира награждена медалью «Нена сий» («Материнская слава»).

У Тахира остались трое детей.

Четыре брата Тахира также являются сотрудниками полиции.

Дала гІазот къобалдойла цуьнан!

ПОЭЗИ

ХАДИЖАТ ВАРАКЪАТАХ ДАГАЙАЛАР

(Дела реза хуьлда цунна)

Хадижат шен майрачуьнца цхьаьна шен девешин кІант Варакъат волчу йахара, динах лаьцна долу къайлаш дукха дешна, керста нехан Іеламстаг вара иза.

Кхин а чІогІа тешна хила,
Хадижата ойла йира.
Варакъате иза дийца,
Дагайала сацам бира.

Шен шичера хьехам эшна,
Мухьаммадца и йахара.
Динах лаьцна жайнаш дешна,
Воккха Іеламстаг и вара.

Хадижата элир цуьнга:
«ХІай, сан шича, ахь ладогІахь,
Мухьаммада дуьйцучуьнга.
ХІокхо дуьйцур –
гинарг ломахь.

«Дийцал шега,
хІун ду хилларг…»
Варакъата ладуьйгІира.
Мухьаммада шена гинарг,
Ша ма-дарра дІадийцира.

Варакъата и бакъдира.
Хадижате цо элира:
И Жабраил-Малик хилар,
Цаьршинна цо и чІагІдира.

Дала, хьалха Мусана а,
Іийсана а дайтина,
ТІаьхьхьарлерчу Пайхамарна,
Мухьаммадна дайтина.

И бакъ ца веш, цу шен къомо,
Зенаш дийр ду цунна цара.
Къуьнгахь чІогІа
таІзар латтош,
Воккхур ву и цІера ара.

Цо шайн харц дин
хийца аьлча,
И ца хийца лоьхуш баьхна,
Дела цхьаъ ве шайга аьлча,
Везар вац и тІаккха царна.

Варакъата хиндерг дуьйцуш,
И ирча кхаъ шена хезча,
Оцу балхах инзар вуьйлуш,
Цецвелира Делан Элча.

Жимчохь дуьйна, шен нахана,
Дукхавезаш вуй хаарна.
Амин аьлла цІе тиллина,
Гергара нах уьш хиларна.

Варакъате цо хаьттира:
«Со кхиъначу сайн махкара,
Аравоккхур ву со цара?»
Варакъата жоп делира:
«И ахь деьнарг дохьуш халкъе,
Цхьа а веана вац хьуна,
Наха цуьнца тІом беший бен.
Хьайна гур ду иза хьуна.

Ахь бакъ дин кхайкхочу хенахь,
Хьо бакъ веш, там хир бу суна.
Дуьненчохь со дийна хилахь,
Со накъост хир ву-кха хьуна».

Кхочур йолчу халонашна,
Иза ойлане велира.
Цу стигалан Іаршашкара,
Мухьаммадна аз хезира:

«Хьо кхера ма кхералахь,
ГІайгІане а ма хилалахь.
АллахІ хьоьца ву хьуна.
Цо хьо ларвийр ву хьуна».

Оцул тІаьхьа, Хадижатан
ЧІогІа самукъадаьллера.
Цо лоручу Мухьаммадах (І.с.в.с.)
Делан Элча шех хилира.

Пашаев Нурди

ПОЛЕЗНОЕ

КАКИЕ КАЧЕСТВА ДОЛЖЕН РАЗВИВАТЬ МУСУЛЬМАНИН?

Верующий человек должен искать знания и решать свои вопросы в соответствии с тем, что есть в законах и положениях Ислама, обращаться к знающим людям Ислама и вместе с этим не забывать о наших национальных традициях, не допуская в своей религиозной жизни невежество и радикального фанатизма. Должен уметь быть богобоязненным и праведным человеком и не допускать жесткости и грубости в своих словах и поступках, а также в отношениях с людьми. Пророк Мухаммад (да благословит его Аллах и приветствует) как-то сказал: «Тот, кто вышел на путь поиска знаний, находится на пути Аллаха, пока не вернется». Этот хадис от слов сподвижника Анаса (да будет доволен им Аллах) приводит имам Абу ‘Иса ат-Тирмизи. Здесь имам ат-Тирмизи говорит, что каждый, кто пришел в мечеть или пришел к имаму с вопросами о религии или вышел на путь поисков знаний на пути Аллаха, будет вознагражден Всевышним Аллахом. Как-то раз имам Абу Са’ид аль-Худри рассказывал, что слышал слова Пророка Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует): «Если человек хочет для себя блага, пусть ищет знания, и за эти его старания он получит хорошее вознаграждение». Этот хадис со слов сподвижника Анаса (да будет доволен им Аллах) приводит имам ат-Тирмизи. Мы, мусульмане, всегда должны вооружаться знаниями, мудростью и опытом жизни в Исламе, не нарушая его законов. И здесь нам, конечно, может хорошо помочь знание нашей религии, умение правильно делать выбор в жизни и находить свой верный путь.

Kazislam.kz



ДИЙЦАР

ДЕН БЕЗАМ

Сийлахьчу Дала вайна массарна а деллачу ниIматех ду «да» боху ниIмат. Амма, цхьаболчеран иза хьалхе дIаэцна, цхьаболчаьргахь хIинца а долуш ду и беркат. Вайн Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) волчу цхьа кIант веана, шен дена арз деш.

– ХIай Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), шегара пурба а доцуш дас шен даьхни а, ахча а схьа а оьций духку, аьлла оцу кIанта.

ТIаккха Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) жоп делла, хьайн да а валош тIеволахьа, аьлла. Да а, кIант а новкъахь схьавогIуш а волуш, вайн Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) тIе Жабраил малик деана. Вай кхоьллинчу Дала салам-маршалла доуьйту хьоьга, хIай Делан Элча. Оцу шен кIантаца хьуна тIе схьавогIучу дас чIогIа дог доьхна, гIайгIане волуш шен дагахь цхьа дешнаш далий хьуна. ЙуьхьIаьржа ву иза кIанта динчу арзана. И хьайна тIекхаьчча, ша новкъахь йалийна йолу байт хатталахь цуьнга, олу Жабраила. Оцу дех Дала бинчу къинхетамна леррина Жабраил малик дайтина вайн Элчанна (Делера салам- маршалла хуьлда цунна) тIе.

Да а, кIант а тIекхаьчча, вайн Пайхамара (Делера салам- маршалла хуьлда цунна) хотту дега, хIокху хьан кIанта хьо шегара пурба а доцуш шен даьхни тIекхийдаш, уьш духкуш ву ма боху, олий. Дас жоп ло тIаккха: – Ша хIокхуьнгара схьаоьцуш долу даьхни хIокхуьнан а, шен а йижаршна бен доьхкина дац.

Иза-м дуьтур вай, хьо кхуза схьаван новкъаваьллачу хенахь, айхьа хьайн дагахь йалийна йолу байташ схьайийцахьа! – олу Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна).

Цецволу тIаккха оцу кIентан да. Цо олу:

– Хьо Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хиларца шеко-м йацара сан, хьо схьагучу хенахь кхин а чIогIа сан ийман а чIагIло. Амма, и ас дина къамел цхьана дена хезна ма дацара, урхатталла сан шина лергана а хезна ма дацара иза. Вайн Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) доьху: – Вайна массарна а хезаш дагардехьа и дешнаш! – олий.

Дас цхьа хаза йагарйо и байташ: Хьо дуьненчу ваьлча, хьуна сагатдеш, йаош, малош, тIедухуш кога духуш, хьо кхиийра ас. Хьо дIавижча, хьуна цхьа цатам хилча, хьан меже лаза йаьлча, и меже сайн йолуш санна сахуьлунга волура со, наб ца кхеташ. Дала дуьненчохь тоьхна хан массарна а йуйла хаьара суна, валар массарна а тIедогIур дуйла а хаьара суна. ХIетте а, хьо висна а со лийр вац-теша, хьо дIа ца кхалхош, сан хенах хьуна хан дIайелла вай кхоьллинчу Дала хьан хан йахйийр йац-те, хьо кхиор вац-те, хьо меца ма висахьара, хьо шел ма лахьара бохуш, ма чIогIа сагатдинера ас хьуна. Тахана хьо хIокху хене вер вац-те бохуш, ас сагатдарца сатийсинчу хене кхаьчна хьо, ткъа хIара бекхам би ахь суна, хьуо къонахчун хене вирзича. Ма ирча хилла долу гIиллакх гайти ахь суна, ма кIоршаме вели хьо соьца, ма эвхьаза вели хьо хьайн деца. Элчане (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) валхий ахь со, дависа-кх, ден хьакъ ахь ца лардинехь а, лулахочо лардеш долу лулахочун хьакъ мукъане а лардина делара ахь соьца, тахана кху кепара вайн Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьалхахь йуьхьIаьржа ма хIоттийна велара ахь со, аьлла. БIаьргех охьахьаьвдда хиш а долуш хьалаиккхира Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), тIекхетта кач тIера схьа а лаьцна шена тIе а озош човхийра иза. Ахьа-м хьайн даьхний бах, хьо а, хьан долахь мел долу хIума а оцу хьан ден ду хьуна. ДIавала суна гучуьра аьлла буьрса човхийра иза вайн Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна). Да бохург йоккха цIе йу, йоккха бакъо йу, доккха хьакъ ду иза доьзалхочунна, мел чIогIа доьзалхо шен дененан хьакъ дIадала гIортарх ницкъ кхочур боцуш. Вайн Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) боху, хIора доьзалхо дуьненчу ваьлча, дена хуьлуш кхо хIума ду: и да кхера а ло хьуна, гIайгIане а вужу хьуна, сутара а волу хьуна. Шен майрра дIалелла волу да, шен доьзалхо дуьненчу ваьлча кхера волало хьуна иза, дависа-кх, кхунна цатам ма хилахьара, меца ма висахьара, шел ма лахьара, хIокхунна цхьа вон болх ма Iотталахьара, хьалха ша мел майрра леллехь а. ГIайгIане волу хьуна иза: хьо буса дIа муха вуьжу-те, Iуьйранна сама муха волу-те, хьо меца ма лелахьара, Iеса ма лелахьара, вочу тобанах ма кхетахьара бохуш. Иштта сутаралла а гучайолу хьуна цуьнан: нахаца сутара ца хуьлу хьуна иза, шен дегIаца сутара волу хьуна иза, шена ца дууш, хьуна дао гIерташ, шена тIе ца духуш, хьуна тIедуха гIерташ, шен дегIана эшалла а йеш.

И да бохуш йолу цIе йоккха цIе йу. Йалсамане боьдуш болу некъ бу иза. Йалсаманан хьо чувуьгур волу неI йу хьуна иза боху вайн Пайхамара (Делера салам маршалла хуьлда цунна). И хьан да оцу йалсаманин йуккъера неI йу хьуна, хьайна лаахь ларйелахь иза, хьайна ца лаахь лар а ма йелахь. И хьан да реза хилахь, хьо кхоьллина АллахI Дела реза хир ву хьуна. И хьан да хьуна реза ца хилахь, и АллахI Дела хьуна реза хир вац хьуна боху маьIна ду цуьнан. Оцу

ден шен доьзалхочуьнга хуьлуш болу безам и мел боккха бу хьуна аьлча, Iеламнаха билгал ма-дарра, ненан безам доьзалхочунна ша дуьненчу ма-ваьллинехь хаало, цуо шех беш болу къинхетам, йеш йолу терго, марзо, Iуналла а хаало берана. Амма, шен ден шеца болу безам хаалуш бац хьуна доьзалхочунна, ша воккха а хилла, шен доьзал гучабаьлча бен. ТIаккха хаьа хьуна цунна, шен дена ша мел дукхавезаш хилла, цуо шена мел сагатдеш хилла. Хьан нанас хьо дуьненчу ваьккхинехь а, хIара дуьне хьуна довзийтинарг, хьуна лела Iамийнарг, хIара дерриге а дуьне хьуна дIадала гIерташ къахьегнарг хьан да ву. Хьан нанас исс баттахь шен кийрахь хьо лелийнехь а, ша дуьненчуьра дIакхалххалц хьо лелош верг хьан да ву хьуна. Хьан нанас дуьненчу ваьлча, вузош, вакхош, масех шарахь гехь-марахь хьо лелийнехь а, хьо дуьненчу ваьлчахьана, ша валлалц хьо а, хьан нана а шен гехь лелош, шуна напха латтош, шу кхобуш верг хьан да ву хьуна. Оцу ден шен доьзалца хуьлуш болу безам – иза боккха безам бу хьуна, и шен доьзал гучабаьлча бен хуур дац хьуна оцу доьзалхочунна шен дена ша мел дукхавезаш хилла.

Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) ша пайхамар воллушехь, шен кIант ИбрахIим дIакхелхича вилхина-кх иза. Дог ца духуш а ма а ца Iа, бIаьргах хи ца долуш а ма ца Iа хIай ИбрахIим, хьох къастарна ма чIогIа гIайгIане ву-кх ша бохуш. Делан кхиэлана реза воцуш воьлхуш ца хилла иза, амма, Дала и шен доьзалхо бахьанехь шен дагчу биллина болу безам бахьана долуш вилхина вайн Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлда цунна).

Йакъуб пайхамар ша пайхамар воллушехь, шен кIант Йусуп а пайхамар воллушехь, шен кIантах Йусупах ша къаьстинчу хенахь, оцу шен кIантана дукха сагатдина бIарзвелла хилла. Цу йуккъе дуккха а хан-зама йаьлла хилла. Шаьшшиъ ший а пайхамар вуй хуъушехь, Дала шаьшшиъ массо а вочу балхах Iалашвийр вуй хуъушехь, оцу шен кIантана сагатдеш вилхина-кх Йакъуб, бIаьргех долу хи лаккъалц. Оццул хан-зама йаьллачул тIаьхьа, масех де беха некъ болчу Мисарара Йусупан коч карахь Палестине цIабахка новкъа бевллачу вежаршкахь йолчу кучах йолчу хьожанна, Йусупан хьожа ма йеттало шена аьлла Йакъуб пайхамара. Иза бу ден доьзалхочуьнга болу безам. Дала делла долу муьлхха а ниIмат, иза шегара дIаэцча бен цуьнан хама ца хаьа. Да дуьненчохь волчу хенахь хаац цуьнан хама. Цхьана дикачу стаге хьаттина хилла, хьан хIусамехь паргIато а, маршо а маца йу аьлла. Дера йу, дIо неIарехь лаьтташ шен ден мачаш мел йу, аьлла жоп делла оцу хьекъалчас.

Весет ду массаьрга а, шайн дай дийна болчаьрга а, уьш дIакхелхинчаьрга а. Шайн дай дийна болчаьрга: шайн дай ларбелаш, церан дош а, дог а ма доходелаш. Вайн Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: «Ма сийсазваьлла, ма дакъазваьлла, шен да-нана дийна а долуш, йа цу шиннах цхьаъ дийна а долуш йалсамани шена ца йаьккхинарг ма дакъазваьл ла». Йалсамани йаккха а, и шиъ реза дан аьтто бу хьан, и шиъ хьуна реза хилахь, хьо кхоьллина АллахI реза хир ву хьуна. И шиъ дIадалахь, тIаккха тIаьхьа вуьсур ву-кх хьо, дохковер ву хьо, байттамал а хир ду хьуна.

ШолгIа долу весет ду уьш дIакхелхинчаьрга: и вайн дай-наной доIанах ца бахар, доIанехь уьш биц цабар, Дала а, Пайхамара а (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) вайна Iама ма-дарра «ХIай Везан Дела, гечдехьа сан дена а, нанна а, Везан Дела, цаьршиннах къинхетам бехьа, со жима волуш кхобуш, цаьршимма сох къинхетам ма-барра». Вай мел йеш йолу дика Iамал, доьшуш долу Къуръан, луш долу сагIа, деш долу доIа цаьрга дIакхочуш ду. Вай церан коша тIе а дахана салам-маршалла делча, цара иза дIаоьцуш ду. Вай цига даьхкича церан самукъа а долу шуна, вай доIа дича, дика Iамал йича царна там хуьлу. Вайгара Iесалла йаьлча царна цунах бохам а хуьлу. Къинхетаме волчу АллахI Дала гечдойла вайна а, вайн дайшна а, наношна а!

Саралиев Мохьмада
дуьйцуш дIайаздина
Идрисов Ислама

НОВОСТИ

С НАЧАЛА 2023 ГОДА В ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКЕ ЧИСЛО ДОРОЖНО-ТРАНСПОРТНЫХ ПРОИСШЕСТВИЙ СОКРАТИЛОСЬ НА 6,7%

На коллегии МВД по Чеченской Республике в режиме видеоконференцсвязи подвели итоги оперативно-служебной деятельности органов и подразделений внутренних дел за 6 месяцев текущего года.

Открывая коллегию, в своем выступлении врио министра внутренних дел по ЧР генерал-майор полиции Аслан Ирасханов подчеркнул, что оперативная обстановка на территории региона стабильная и характеризуется снижением количества зарегистрированных преступлений (на 6,1%), в том числе относящихся к категориям тяжких и особо тяжких (на 4,8%).

Общая раскрываемость преступлений составила 84,8%, что на 26,1% превышает среднюю раскрываемость по Российской Федерации. Уровень преступности в расчёте на 100 тысяч человек составил 83,8 преступления, что является наименьшим значением по России и в 8,1 раза меньше среднероссийского показателя. С начала этого года сотрудники полиции обеспечили безопасность при проведении 1 тысячи 653 значимых общественных мероприятий, участие в которых приняли свыше 949 тысяч человек, чрезвычайных происшествий и нарушений общественного порядка в ходе которых не допущено.

В результате принятых мер по профилактике незаконного оборота и потребления наркотиков зарегистрировано 166 преступлений, в том числе 18 фактов наркоторговли, пресечено 36 фактов незаконного сбыта сильнодействующих и ядовитых веществ. Профилактические меры способствовали сокращению на 6,7% числа дорожно-транспортных происшествий.

ТРК «ПУТЬ»

В КРАСНОДАРЕ НАЧАЛИ ЮРИДИЧЕСКИЙ ПРОЦЕСС ПОДГОТОВКИ К СТРОИТЕЛЬСТВУ МЕЧЕТИ

Вопрос строительства мечети в Краснодаре обсудили на встрече правительственной делегации из Чеченской Республики с представителями чеченского землячества.

«Данный вопрос давно назрел. Власти Краснодара ссылались на то, что в 15 минутах езды находится большая мечеть на несколько тысяч человек, но это уже территория Адыгеи. Эта работа уже на переговорном этапе велась между духовенствами Чеченской Республики и Краснодарского края. Сегодня мы решили перейти к юридической части. Начать решили с создания общественной организации Союза мусульман Краснодарского края. Нас заверили, что мы получим полную поддержку от руководства», - рассказал представитель Главы ЧР в Краснодарском крае Саид-Хусейн Хамзатов.

Саид-Хусейн Хамзатов также отметил, что на территории края проживает 150-180 тысяч мусульман.

В СЕЛЕ ОКТЯБРЬСКОЕ ГРОЗНЕНСКОГО РАЙОНА ПОСТРОЯТ МЕДРЕСЕ

В селе Октябрьское Грозненского района построят новое медресе. Об этом рассказал глава муниципалитета Рустам Абазов, сообщает ИА «Грозный-информ».

Муфтий Чеченской Республики Салах Межиев и Рустам Абазов провели рабочую встречу по вопросам строительства религиозного учреждения.

«В ходе встречи обсудили вопросы строительства медресе в с. Октябрьское. Рассмотрели отдельные детали проектно-сметной документации объекта, а также определили этапы строительства», - отметил глава администрации муниципалитета.

По его словам, финансирование мероприятий по строительству медресе взял на себя Региональный общественный фонд им. Героя России Ахмата-Хаджи Кадырова. Строительство духовного учреждения началось 23 июля.

Ахмадова Зарема

ДIахьош ду «Исламан зIаьнарш» газете йазвалар!

32 шо дIадаьлла СССР пачхьалкхехь дуьххьарлера бусалба динан газет «Исламан зIаьнарш» арадаьлла. Боккха хилам бара иза, Дела вац аьлла коьрта идеологи йолчу коммунистийн Iедал долуш бусалба газет арадалар. Газет арадолу шина маттахь: оьрсийн а, нохчийн а. ХIетахь дуьйна газетан агIонаш тIехь оха зорбатуху Iеламнехан хьехамаш, довзуьйту церан дахарх долу бакъдерш. Газето довзуьйту бусалба динан баххаш, вайн безачу нехан - эвлайаийн дахарх долу бакъдерш, вайн къоман хаза гIиллакхаш, Iадаташ. Иштта газетадешархойн аьтто хир бу халкъан турпалхой бовза, церан хьуьнарш довза.

Йазло «Исламан зIаьнарш» газете. Йазваларан мах: эхашарна – 360 сом, цхьана шарна – 720 сом.

Учредитель:
Министерство Чеченской Республики по национальной политике, внешним связям, печати и информации

Куратор газеты Х-А. Ж. Кадыров
Основатель газеты М. Д. Заурбеков
Главный редактор Ф. М. Заурбекова

Адрес учредителя/издателя: 364060, г. Грозный, бульвар Дудаева, 8.

Адрес редакции: 364024, г. Грозный, ул. Н.А. Назарбаева, 92.
Телефон: 8-928-088-85-50; **E-mail:** zori-islama@mail.ru; **Индекс газеты:** 54 928, Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике 1 декабря 2015 года. Регистрационное свидетельство ПИ № ТУ 20-00110.

Мнение редакции может не совпадать с мнением автора. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. Газета выходит 2 раза в месяц на русском и чеченском языках. Свободная цена. Тираж – 3000 экз. Передано в печать: 02.08.2023 г. 15:00. Подписано в печать: 02.08.2023 г. 16:00. Заказ №________ Газета отпечатана в типографии АО «ИПК «Грозненский рабочий». Адрес типографии: 364021, г. Грозный, ул. Санкт-Петербургская, 12/35. Индекс издания ПА882.

16+